

Chè fanmi ak zanmi,

Pwogram pou elèv ki gen don ak talan (Gifted & Talented, G&T) Vil Nouyòk yo ofri enstriksyon akselere pou elèv lekòl primè ki elijib. Nou ekri w jodi a pou anonse pi ta nan prentan sa a, fanmi ki gen timoun k ap antre nan kindergarten, klas 1ye, 2yèm, oswa 3yèm ane nan otòn 2022 a ka patisipe nan admisyon G&T. Aplikasyon G&T pou kindergarten, klas 1ye, 2yèm, ak 3yèm ane pral ouvri **apati 31 me rive 13 jen**.

Men kòman admisyon G&T yo pral mache ane sa a:

POU TIMOUN KI FÈT AN 2017

Pwosesis admisyon sa a diferan tou piti selon kote (oswa si) pitit ou a ki gen laj sa a ale nan pre-K.

- **Pou timoun ki kounye a nan lekòl DOE, Sant Pre-K Center, NYC Early Education Center (NYCEEC) oswa nan yon Charter School**
 - Se pwofesè aktyèl tout elèv pre-K k ap evalye yo.
 - Si timoun yo elijib, y ap rekòmande yo pou admisyon G&T.
 - Fanmi timoun yo rekòmande yo pral resevwa yon lèt elijiblite G&T *avan* aplikasyon an ouvri, pou envite yo aplike; si yo enterese, yo ka aplike lè peryòd aplikasyon an ouvri, ant 31 me ak 13 jen.
 - Yo pral konsidere tout elèv ki aplike pou òf.
- **Pou timoun ki kounye a nan lekòl prive oswa lekòl pawasyal, oswa timoun ki poko ale lekòl**
 - Fanmi ki enterese ka aplike lè peryòd aplikasyon an ouvri, ant 31 me ak 13 me.
 - Lè peryòd aplikasyon an fèmen, ekspè nan edikasyon pou debitan ap kontakte aplikan yo pou pwograme yon entèvyou.
 - Si timoun yo elijib, y ap rekòmande yo pou admisyon G&T.
 - Yo pral konsidere tout timoun ki elijib pou fè yo òf.

Tanpri sonje: Fanmi Vil Nouyòk ki te aplike pou kindergarten ap resevwa lèt òf yo semèn sa a. Nou ankouraje nenpòt moun ki resevwa yon òf kindergarten (swa kounye a swa nan mwa k ap vini yo sou lisdatant) pou aksepte òf sa a nan delè yo bay la, menmsi y ap tann yon òf sou lisdatant oswa nan G&T. Lè w aksepte òf sa a kounye a sa garanti plas pitit ou a nan pwogram sa a epi li **p ap** afekte chans li pou jwenn yon òf sou lisdatant oswa nan G&T pi ta.

POU TIMOUN k ap rantre nan klas 1ye, 2yèm, oswa 3yèm ane:

Fanmi ki enterese **ki gen timoun k ap rantre nan klas 1ye, 2yèm, oswa 3yèm ane** ka aplike tou ant 31 me ak 13 jen.

JWENN PLIS ENFÒMASYON

- Tout pwogram G&T fèt pou akeyi ak sèvi tout elèv ki elijib, ladan timoun ki gen bezwen aksè pou chèz woulant, timoun ki gen andikap, timoun ki pale yon lang ki pa lang Anglè ak timoun ki nan lojman tanporè. Tout fanmi, kèlkeswa kondisyon imigrasyon yo, ka aplike.
- Pou jwenn enfòmasyon ki pi resan yo sou admisyon nan G&T, tankou detay sou sesyon enfòmasyon vityèl ki gen pou fèt, kòman pou aplike, ak kòman yo pral fè òf yo, ale sou sitwèb nou an schools.nyc.gov/GT.

Bon siksè,



Ekip admisyon nan Lekòk primè, Biwo enskripsyon elèv

Depatman Edikasyon Vil Nouyòk

Èske se yon zanmi ki te voye imèl sa a ba w? Asire ou mete non w sou lis pou resevwa imèl sou admisyon kindergarten nan schools.nyc.gov/SignUp.

Si w pa vle resevwa imèl ankò nan lis imèl nou an, tanpri klike [la a](#) pou sispann sa.